



NEW YORK CITY DEPARTMENT OF
HEALTH AND MENTAL HYGIENE
Oxiris Barbot, MD
Commissioner

Oktòb 2019

Chè Paran ou Responsab Legal,

Pitit ou a pa te pran tout vaksen ki obligatwa pou gadri ak lekòl yo. N ap raple ou, konfòmeman ak lwa Eta New York la, timoun yo dwe pran vaksen ki obligatwa yo pou yo ka ale ak rete nan gadri ak lekòl yo.

Timoun ki poko pran tout vaksen yo bezwen yo dwe pran dòz vaksen pou ratrape yo nan 14 jou apre entèval minimòm yo sipoze a, selon orè ratrapaj Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon (Advisory Committee on Immunization Practices, ACIP) ([Tablo 2](#)). Randevou pou dòz vaksen swivi yo dwe nan limit 14 jou a.

Nou pa aksepte reta nan vaksinasyon. Direktè yo responsab pou yo asire elèv ki pa konfòme ak egzijans pou vaksen yo pa ka vini nan gadri ak lekòl la.

Pou yon lis konplè vaksen ki obligatwa pou gadri ak lekòl yo, ale sou schools.nyc.gov epi chèche "**immunizations**" (vaksinasyon). Si li pa posib pou pitit ou a resevwa vaksen nan men pwofesyonèl swen sante li, ale nan [Fort Greene Health Center](#) Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York nan 295 Flatbush Avenue Extension, Fifth Floor, Brooklyn, NY 11201. Pou w konnen lè yo louvri, ale gade sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche "**immunization clinic**" (klinik vaksinasyon).

Pou kesyon sou egzijans sa yo, tanpri kontakte sant gadri oswa biwo administratif lekòl ou a.

Ak tout kè mwen,

Jane R. Zucker, MD, MSc
Komisè Adjwen
Biwo Vaksinasyon
Depatman Sante ak Ijyèn
Mantal Vil New York